


Savoir sans Frontières

JWAYE APOKALIPS

Jean-Pierre Petit


Tradwi pa Nahum Saintol



<http://www.savoir-sans-frontieres.com>

PWOLOG

Kontinan inisyal la, yon mens kwout magma solid, te fini pa kase.
Yon kote, sou yon nan wòch k'aprale sa yo, klan Zuns yo te la.




Erezman, yo pa ka
jwenn nou, nan gwot
sa yo.

Fèy sa yo gen yon
fèb valè nitritif.

Epi yo pa
gen bon gou
ditou...

gade,
van ap
leve



Tan zan tan van an t'ap dispèse cornufles
yo e kraze pyebwa pen yo.

pou yon fwa
dye tanpèt yo te
favorab pou nou.

Sipèb



Men, an deyò sitiayson
eksepsyonèl sa yo, ekòs pyebwa pen
yo te rezistan pou dan Zuns yo.

Men li,
li fè fwèt ankò

Poukisa lanati
te ban nou dan ridikil
sa yo ?

an'n antre pou
nou mete'n alabri,
sinon nou pral
gen dwa...





e mèd!

An fèt, avèk fredi
ki t'ap apwoche a,
Zuns yo te anrimen toutan



Aaa...tchoum !



Si dye tanpèt yo pa ban
nou rapidman yon pyebwa pen,
nou tout pral mouri grangou




An'n wè. Si mwen peze avèk tout
fòs mwen ak yon dwèt sou ekòs
pyebwa pen an mwen pa kapab

NESANS TEKNOLOJI



Fòs : dis kilo.
Sifas kontak : yon
santimèt kare. **PRESYON**
ki egzèse a pa sifi pou
pèse ekòs la.




Nan yon ti tan Tribi a rive mete
yon pyebwa pen an pyès detache.

Travay amatè...

ZOUTi-ZAM



Mwen gen yon lòt ide.
Kisa nou di de sa ?




Pa bèt. Sa pèmèt ou
FRAPE A DISTANS

Cornufles yo kenbe TERITWA
butyrodendrons yo pouse sou li a.

Si nou vle gen bè sou tatin nou,
nou dwe chase yo de la.

Avèk sa ?..



Kwi cornufle yo trè pwès sou flan
ak sou pat li. Andwa ki pi vulnerab
yo sanble se kou avèk vant li

Li saj e li gen
bon konseý. Domaj ke
li pa wè byen




Pa Thaloc, nou pa
chwazi yon piti !

Shnurf?




teknoloji, yon lòt fwa !

bè a, nou ka pase'n de li



AAAAAAAH

ARGL!



li fè twou nan cornufle la !

NOU fè twou
nan cornufle la !

Pretrès la te gen rezon,
yo pa imòtèl. Lè nou fè twou
anndan yo, yo mouri
tankou nou !

Se pou nou fwi trè
dous butyrodendron yo

Evènman sa t'apral gen
yon konsekans enprevi

gade, nou konnen
ke sa pa movè ditou

kisa !
bagay
wouj sa ?

A, kite'm pran
ladan'l tou !

Lage moso
sa touswit !

Non, se pou
mwen li ye !

w'ap enèv'e'm !

AAAAAAH!

Zuns yo decime cornufle yo,
e savann nan vin pou yo, men yon jou...

kisa sa ye ?

sa se tèt
la ou byen
ke a, sa ?

CHNUF
CHNUF
CHNUF

A, mwen wè tèt la,
se lòt kote a

Li pa gen ni kròk, ni kòn, ni grif.
Sa gen lè fasil. Nou prale, n'ap pèse' ! ?

Li gen po vrèman pwès.
Pa gen mwayen pou pèse' ! !

Sa fè kenz fwa n'ap eseye.
Kontinye si ou vle, mwen m'bay vag...

Men wi, li pa gen ni grif,
ni dan, men li sèvi avèk mas zo
sa ki nan pwent ke li (*)

Poukisa li si efikas
alò ke li pa pwenti ?

Yon bagay konsa

Mwen kwè ke mwen
konprann. Li mache an
de tan. Gras ak yon fòs de kèlke
kilo sèlman, nou mete mas sa an
mouvman e nou akimile ladan
ENEJI SINETIK $\frac{1}{2} MV^2$

(*) Se yon ANKYLOSAURE.



Yon ENPAK se yon
ralantisman ekstrèmman brital,
ki kapab fèt sèlman ke pa yon
fòs konsiderab


Sa vle di, avèk MAS
sa nou ka kreye yon presyon
tré elve, menm si se pandan
yon trè kout



E se pou
sa li fè mal

ZAM LANSE


Poukisa nou pa KONBINE de efè yo,
ranfòsman presyon an nan pwen kontak la,
gras ak fòm objè pwenti a e efè akimilasyon
ENÈJI SINETIK la ?



Ou kwè sa
pral mache ?


lafwa...

dousman...
dousman...





Apati de moman sa, bagay yo te ale trè vit.






An sòm, yon zam,
se toujou yon sèten kantite enèji,
delivre pandan tan ki pi kout posib,
sou sifas ki pi piti posib.

tout bagay la se
jwenn advèsè a



BLEND AJ




chèf, nou pa fè
twoù nan yon menm !...

Pandan ZUNS yo ap kòlmate yo yon
lòt jan yo kapab

nou te rive pran yon nan
dispositif y'ap itilize yo

an nou repliye
pou'n reflechi

Eksplikasyon an senp: dabò materyo a li menm,
kwi cornufle la, reziste pi byen ak pèforasyon. Li kapab sipòte
yon presyon pa mm^2 pi gran pase po nou. Answit ralantisman pwojektil
la, absòbsyon enèji $1/2\text{MV}^2$ a kapab fèt sou yon distans ki pi gran.
Kou a amòti.



E BOUKLIYE sa repati fòs la sou yon pi gran sifas.

Sa vle di, nou fè çhemen
an a lanvè. Avèk TRE a nou te
konsantre enèji a (SINETIK)
nan lespas (PWENT) e nan
tan an (PEKISYON).

Alò la nou redistribye enèji
sa sou yon pi gran sifas e nou
etale absòbsyon'l nan tan an.


E, an nou
gade sa !




Se yon kalbas avèk
yon ranbouraj an
pwal mouton e alò ?




Sifas enpak
la san fwa pi gran e
tan absòbsyon chòk
la dis fwa pi long:
yon dizièm segond
olye de yon
santièm




donk presyon maksimal la mil fwa pi fèb



Efektivman, tèt la pa kase, men mwen krenn
akselerasyon matyè griz li sibi a rete elve...



Diferan tribi yo te pataje teren ki disponib la,
TERITWA ki fòme yon pavaj nan espas la. Ant
teritwa yo te vin genyen yon **NO MAN'S LAND**,
lajè a te egal ak pòte zam ki lanse yo.



LAME A

Kisa w'ap fè ?

Te gen lòbèy nan frontyè nò a. Gen kèk nan nou ki te fè twou nan kò lòt nan pwòp kan nou pa erè. Alò nou te deside pou penn gèrye yo pou yo ka rekonèt yon lòt

e tras
jòn sa yo,
sou bra yo ?

Se kantite gèrye li touye,
ou byen li te ka touye, an fonksyon
de etid li te fè

ZUN avèk ZAUTRE yo te etann ak de laj pòsyon nan teritwa yo sistèm blendaj sa. Tan zan tan te gen de eskonbrit yon ti jan pi serye. Yon nan de belijeran yo te repliye nan kan li e, aprè yo fè yon bon joure yon lòt, bagay yo te rete la.




Yo te rele eta sa LAPÈ

ZAM A FE

Lakay ZAUTRES yo

Nan pòs gad la yon boutèy Tafya yo te kite pa erè tou prè dife a.



Sa ki konte, nan yon pwojektil,
se enèji sinetik li $\frac{1}{2}$ MV². Men nou ka stoke
yon enèji elve nan yon fèb mas ak kondisyon
nou ba li yon vîtes ase elve.




O fon, nou
te toujou konte
sou bra nou pou
bay enèji depa a.
Men Dye dife a
gen lè kapab ba
nou'l a volonté.

Nan fòterès ZUNS yo.

Kisa ZAUTRES yo ap fabrike avèk etranj cha a roulèt sa ? Kounya y'ap fè dife anba'l...

Alò ?

yon ti pasyans.
Fò li monte presyon an



An nou repliye an òd nan forè paletivye a pou'n reflechi

Se sa an nou reflechi

ZAUTRES yo gen yon nouvo zam, terifyan, se avèk li yo fè twou nan chato nou yo

Sispann panike tankou idyo.
Nou dwe jis posedé zam sa tou e menm pèfeksyone'l



KOUS POU GEN ZAM

Sa klè: ZAUTRES yo te gen lide pou yo itilize ENEJI CHIMIK pou yo akselere pwojektil yo.

Mwen remake preparasyon an te mande anpil travay.
Sa te pran pou pi piti 30 mn pou yo te prè pou tire

di'm, kisa enèji chimik la ye ?

ben... se dife

A bon...

Pou amelyore zam sa,
fò nou fè'l fonksyone
PI VIT

yon reyakson chimik,
anba presyon, sa ale
tré, tré vit

solisyon an se ta
reyakson chimik sa k'ap
degaje enèji fèt nan yon
sòt de tib tré solid

li pa mal an Valkiri


Valkiri vandredi,
dimanch pral

Aprè kèk tatonman,
ZUNS yo te adopte yon melanj souf,
salpèt avèk chabon bwa

Nan rankont ki te swiv
la ZAUTRES yo te pran
yon kal memorab


yo pa't menm
gen tan itilize
zam pa yo

gade yon masak !



Tou sa gras ak poud majik
koulè nwa sa. Sa enkwayab...

gen moun ki vle yon tas te ?



O, sa enkwayab !
Mwen boule ekivalan kat chaj san'm
pa menm rive fè dlo sa tyèd


Sa fè twou nan
yon moun a san twaz.
Hi hi hi !



A di vrè, avèk yon chaj,
mwen ka jis rive chofe
yon ti mizerab kiyè dlo




Kòman'w ka fè touye yon moun
avèk yon ti kiyè dlo cho ?



Evidamman ZAUTRES yo pa't pran
tan pou yo te gen zam sa yo tou.
Yo chak t'ap efòse yo pou ogmante
pwisans ak pòte distribitè
lanmò vyolan sa yo


Tout bagay la se nan ti tan trè kout
transfè enèji sa, de poud la a bal la,
epi de bal la a zam nan



MiSiL

Lwa balistik yo di'm ke POTE
yon obi ogmante an fonksyon
de vitès inisyal li. Byen ke mwen
ogmante chaj la, mwen pa jwenn
anyen ankò... Sa ensanse !

Poukisa ?..




An fèt, lè n'ap tire a blan,
san obi, gaz yo pa soti pi vit.
Donk problèm nan se nan
nivo gaz la.




Gaz la dwe
konbat pwòp
imobilite'l

pa gen solisyon



A mwen nou mete
chaj la NAN obi
a e nou fè an sòt li
debarase'l de gaz
la piti piti pandan
ke l'ap akselere






Fòmidab ! Tou s'ap pase egzakteman
daprè kalkil mwen





DEFANS



Eskize'm,
mwen...

mesye, attid sovaj ak
ekspansyonis ZAUTRES yo
oblje'n ogmante pri a


yon dekouvèt resan
an fizik fondamental
mete a dispozisyon
nou yon kapasite de
destriksyon san parèy

mwen kite
pawòl la pou
mesye Albert

ZAM NIKLEYÈ

Ti rechèch nou fè te pèmèt
nou konprann enèji avèk mas,
se egzakteman menm bagay (*)


Konsa, lè' w bay enèji sinetik a yon obi,
ou ogmante sèlman mas li tou piti



Nan yon reyakson **CHIMIK** ki prodwi enèji,
sa pase nan nivo rearanjman molekil yo. Men, finalman
enèji ki degaje a vini de yon pèt mas tou piti.
Anviron yon dizyèm de milyadyèm de mas sa.



Men... mas sa... disparèt ?
Èske yo pa't di jiskisi anyen
pa pèdi e anyen pa kreye ?



(*) Al wè ÉNERGÉTIQUEMENT VÔTRE, menm otè.

Wunderbar!

Ou gen rezon. Ti mas ki te pèdi pa atom eksplozif kanon' w la, ou pral jwenn li nan obi ki an mouvman an.

Men, lè obi a kanpe ?

Si li fè sib la vole an ekla, ki ale nan tout direksyon, chak atom ladan yo pral wè mas li ogmante lejèman.

Sa vle di, lè' w wè'l konsa, mas la konsève

Nou te dekouvri de nouvo reyakson ki mete an je fwa sa nwayo atom yo, e pou yo menm konvèsyon enèjetik sa vin di milyon fwa pi enpòtan

An fèt, olye nou rele sa **FIZIK NIKLEYÈ** nou te dwe rele'l **CHIMI NIKLEYÈ** !

Nou rejwenn, nan **CHIMI NWAYO** sa tout aspè abityèl chimi klasik la.

Gen reyakson ki mande enèji, tandiske gen lòt ki bay enèji. Konsa, **FIZION** koresponn ak sentèz egzo-enèjetik elyòm apati izotòp idrojèn.

Wi, men mwen wè ke tou sa mete an je tanperati ki trè wo: plis pase san milyon degre. Ki kote ou vle pou nou jwenn sa ?

Men solèy la, ki se reyaktè pa ekselans, pou chimi nwayo sa, ba nou an eritaj yon atom oto-enstab Uranium U235 la.

Men, si li enstab, li te dwe dekonpoze natirèlman depi plizyè milyon ane



Mwen pa konprann...

Pou kont li, atom Uranium 235 la dekonpoze efektivman trè lantman, lè li brize an de e lè li emèt yon netron.

FiSION

Netron ki prodwi konsa kapab destabilize yon lòt nwayo Uranium, lè li provoke eklatman li ak liberasyon yon nouvo netron.

E sa kontinye konsa...



nan chimi yo rele sa yon reyakson OTO-KATALITIK

Reyakson oto-katalistik ou byen REYAKSYON AN CHÈN, se menm bagay

men, profesè, poukisa reyakson an chèn sa pa fèt otomatikman nan blòk Uranium natirèl sa ?

Elementè, monchè kolonèl, paske a 99,3 % se pa Uranium 235, men Uranium 238, ki li menm, stab !

Sa vle di, si nou rafine minrè Uranium natirèl sa, lè nou izole izotòp de mas 235 la nou pral benefisyé de potansyalite reyakson nikleyè oto-katalitik sa. E atom sa se li SÈL ki ofri posibilité sa ?

Pratikman wi, e se kado sa lanati fè nou. San atom sa ak propriété trè patikilye li yo enterè moun pou ENÈJI NIKLEYÈ a t'ap difere san dout pou yon ou de syèk.

Alò, kiyès ki pou devlopman nouvo zam sa ?

Hmm, nan ka patikilye sa, mwén m'ta wè pito men djab la

se men Bondye

Nou pa kwè ak yon tèl nivo sa ka vin danjere ?

Danjere ? pou ZAUTRES yo, wi !

monchè Anselme,
ou konn provèb sa:
**SI VIS PACEM,
PARA BELLUM (*)**

E sa'k pou di'w ke ZAUTRES yo p'ap prepare yon zam konsa ?

Ou byen:
ke yo dejà
genyen' !

(*) Si ou vle lapè, prepare lagè

yon chans: nou an gè
nan moman sa

Bon, ki kote nou
pral eseye premye
BONB ATOMIK
nou an ?

La, li pa mal.
Yon bè byen degaje

Nou ta ka petèt prevni moun ki abite nan vil sa ?
Sa t'ap pi kòrèk, non ?

Anselme, an'n serye.
Si nou prevni moun sa yo,
yo prale. E alò kòman
nou pral konnen ki efè
radyasyon yo genyen
sou èt vivan ?

Mon kolonèl, si ou vle eseye bonb ou a, mwen konseye 'w
pou'w depeche'w, paske gè a riske fini ase rapidman.

mon dye, ou gen rezon !

timoun yo...

vit !

gade, si 'm te beni bonb la,
ou kwè sa t'ap ogmante efikasite'l ?

Jan yo di, si sa pa fè mal,
omwen li pap fè byen...





EKILIB TERÈ

Ane yo pase. Yon moman depase,
ZAUTRES yo te vin genyen zam nikleyè tou




PC DEFONS



Adje, li kòmanse

mete pou mwen yon senk megatòn nan F12



Senk megatòn, ou kwè ?

wi,
l'ap sifi

Li parèt fèb

fèb !? Kòman ! Gade pèt yo

YO

2 5 1

milyon mò

Destriksyon (milya kredi)

YO:

7 5 0 0

NOU

1 0 8

NOU:

4 6 0 2

Gade, mwen fòmèl.
Avèk yon senk megatòn nan F12,
nou pran sèt milyon mò an plis
pou yo. E, avèk van yo...

mwen di: fò' w
ta gen pou pi
piti yon douz
megatòn.

kounya yon misil ak
plizyè tèt nan H7

A, sivil sa

nan H7, remakab

kisa'l ye ? Lagè, déjà ?

Non, yon senp similasyon

Trè fò, tout sou maren
rasanble nan pòl nò a !

Mwen gen yon ostil
nan T4

men se menm sal la

kounya
se nan S3

yon lòt
similasyon ?



En !?

men non,
nan sal akot
e a se veritab
OPERASYON ROOM
nan



sitiyasyon planetè reyèl la







LAZÈ



Nan lòt ekstremite vale a,
nou bati yon baraj tou, yon senp mi.
Konsa nou gen garanti kont yon atak
posib an raz-mòt avèk misil kwaziè (*)

Ey ! kisa w'ap fè ?

Hmm.... sa
ta dwe ale

mwen wè

Depi m' ap travay isi a mwen
te toujou mande'm si...

BAAAM

Sou kisa w'ap tire ??

KRAAK

Sou anyen... gade,
sa kòmanse mache


Kout pistolè a ebranle mas nèj an ekilib enstab sa yo

grondman an
ap amplifie

WAAAM

(*) Avyon san pilòt k'ap vole a 900 km/h, li pote yon bonb atomik.


Li pa ka detekte avèk rada, li apwoche de sib li lè li vole a kèk mèt de sòl la.



Sa se yon LAZÈ a gaz. Se yon dechaj elektrik ki PONPE enèji a nan atom li yo (**ARGON**), kote li stoke. Ond sonò talè a ranplase pa yon ond limyè, ki fè ale-retou ant de miwa plan pafètman paralèl, ki ranplase mi yo ki te fèmen vale a. Yon nan miwa yo reflechi a 100 % e lòt la sèlman an pati, sa ki fè ke yon pati nan enèji sa kapab echape atravè li.

Gade yon mèvèye ti machin
ki konsantre enèji a nan lespas.

Ki bwi enfènal sa ?



Yon lazè Idrojèn-Flyò.
Pandan reyakson chimik la yon eksè
enèji vin stoke nan molekil asid flyoridrik
la. Lè nou fè gaz sa defile ant de miwa,
nou kreye kavite rezonan an e gaz la laz.

Alò, tout bagay bon pou
pote enèji bay atom yo ou
byen bay molekil yo ?

PONPAJ OPTIK

Wi. Konsa nan lazè sa sibstans lazant la se yon salte, NEODYM
ki nan blòk vè sa ensole gras ak yon batri an tib Krypton

Pa gen anyen ki pi frajil ke po mens yon misil. Apèn yon milimèt e demi epesè. E pa gen anyen ki mwen diskrè ke menm misil sa nan faz propilsyon li. Se yon tòch ki detektab a plizyè dizèn milye kilomèt distans.

Satelite teledeteksyon enfrawouj yo kapab detekte yon tèl misil. Men kòman pou'w fè dekabès a yon tèl distans !

WOOARRR

Pa gen problèm !

Nou ka pwente yon miwa teleskòp avèk yon presizyon tèl nou ka vize yon objè ki fè mwens ke yon mèt a di mil kilomèt.

LAGÈ ZETWAL

Bon, si nou admèt pwentaj nan espas la se yon problèm ki rezoud. Kòman pou'n alimante stasyon tir sa yo an enèji ?

Lazè chimik yo se de veritab sitèn òbital. Prodwi elektrisite an wo a, an abondans, pa senp non plis.

men nou gen yon lòt solisyon

Nou ka fè laze
yon sibstans tankou kwiv
lè'n itilize yon ponpaj
an enèji pa reyon X.

Djab, kòman pou'w
fabrike reyon X an òbit ?

Senp :
avèk sa...



yon bonb atomik prodwi
yon pati enpòtan nan enèji
li sou fòm reyon X.

Avèk yon tèl debòch enèji,
pa bezwen. Nou ka travay
an **SIPÈRADYANS**


Men, an kisa miwa ki sèvi
pou fè **KAVITE REZONAN**
an pral fèt ?

Kisa sa ye ?

Imagine yon tèl sistèm kote kaz sa yo fèt avèk
yon papye ase frajil, yo chak reprezante yon atom.




Voye REYON X yo




Alveyòl-atom
yo ranpli ak enèji

Premye
alveyòl ki chire a
antrene vidanj
tout lòt yo




yon bonb A de fèb pwisans
kapab iradye konsa yon
feso ki fèt avèk plizyè
milye tij kwiv fin.

Ak yon gran distans konsa,
plizyè milye kilomèt, èske pi piti erè
pwentaj la...?



Gaye plon' w yo se sa
presizeman ki ka pèmèt
ou gen pi gwo chans pou' w
fè yon bon kou






ZAM ANTI- MATYÈ

Pandan tan sa, lakay ZAUTRES yo.




(*) Pandan yon dizyèm de milyonyèm segond.

Sa fè yon bon bout tan nou konn kòman pou prodwi atom anti-matyè pa kolizyon fas a fas de 2 patikil nan yon akseleratè, e nou konn kòman pou stoke anti-atom sa yo pandan plizyè semèn nan yon ansent manyetik ki rele ano de stokaj.



Nou kapab dirije alò anti atom idrojèn sa yo, net, avèk proton negatif e elektron pizitif li yo vè yon matyè kristal



Anti elektron an anile avèk yon nan elektron kristal la ak antiproton an, nwayo atom anti-idrojèn nan, pran plas li alò nan strikti kristal la. Nou vin genyen konsa yon matyè kristal
DOPE AK ANTI-MATYÈ

Si nou modifie yon akseleratè patikil pou rekonvèti'l sèlman nan prodksyon anti-matyè san rete sa, nou ta kapab dispoze de yon tèl kristal dope.

Wi, men ou t'ap prodwi yon kantite enfim anti-matyè, yon miligram ?

Èske ou konn kisa yon miligram anti-matyè reprezante ?

Ven megatòn TNT

E kòman pou nou ta deklanche yon tèl bonb ?

Ey !?

Nou sèlman gen
anbara pou n chwazi.
Nou ta kapab pa egzanp tou
senpleman disoud kristal
konpozit sa... nan dlo !

eskize'm,
se te yon
kout san...

e ki lè nou
ta ka prè pou'n konstwi
nouvo bonb sa yo ?


Poukisa "sa yo"? Yon sèl t'ap sifi !

200 gram anti-matyè egal ak ansanm
tout chaj ki disponib aktyèlman sou misil yo,
nan silo, ou byen nan sou-maren lans-anjen yo,
sa vle di yon bòde de di mil megatòn TNT

de kwa pou nou
elimine ZUNS yo sou
kat la avèk YON
SEL misil

ZAM EMP (*)

Trè byen, men kòman pou nou mennen yon anjen ki danjere konsa a destinasyon an tout sekirite ?



E byen, nou dwe konnen ke lè solèy la antre an eripsyon, li bonbade wo atmosfè a de tout sòt patikil, sa gen pou efè li yonize kouch ki wo yo. Ou vin genyen alò loraj elektromanyetik yo ki trouble komunikasyon radyoelektrik yo anpil.

Nou estime nou ta ka kreye a tè senk san vòlt enpilsyon pa santimèt lè nou fè eklate yon bonb de di megalòn a senk san kilomèt altitud. Reyònman an, t'ap yonize anpil kouch ki wo yo, li t'ap kreye yon gwo loraj elektromanyetik.

kisa'k pase ?

Èske nou te reyisi jwenn prezidan an ?

Alo, alo li koupe !?

Ekran rada a, etenn...

nou pa gen okenn kontak ankò avèk sou-maren lans-misil yo e mwen pa rive jwenn ni bonbadye yo ni sèvan silo fize yo

An'n wè, swiv fil rouj la jiska jonktè a

(*) Elektro Manyetik Puls, ou byen zam ak enpilsyon elektromanyetik.



sa ki ta pèmèt ak yon ti satelit banalize,
nan ba òbit, pou'l plonje a tè avèk chaj
anti-matyè li. Tou sa se yon kesyon
de senkronizasyon

de senkronizasyon, men wi...


pa posib !

IVÈ NIKLEYÈ




Nou pa kapab depoze
sou Latè san pinisyon ekivalan
di mil milyon de tòn TNT... (*)

Daprè kalkil mwen sa t'ap egal
ak enpak yon meteyorit de senk
san mèt de dyamèt



... ki ta kapab rete a 20 km altitud
pandan 6 mwa a yon ane

Yon semèn aprè enpak la,
nan latitud pwen ki vise a,
limyè ki rive a tè a t'ap redwi
de yon faktè kat san.



Chaplè anjen tèmonikleyè ou
anjen a anti-matyè, sa ta dwe
provoke anvwa nan stratosfè a de
yon milya tòn pousyè ki trè entans...




Se t'ap NWIT
NIKLEYÈ a

(*) Ekivalan ak yon blòk dinamit de yon kilomèt de kote.


Li t'ap provoke yon bès nan tanperati a de 25° an mwayèn sou tout pati nò planète la.



Absans limyè a t'ap provoke lanmò rapid tout plant yo, donk resous pou nou manje




Gwo diferans nan tanperati a t'ap kreye gwo tanpèt tou prè kot yo, tandiske syèl la, chaje ak pousyè ak sann, t'ap gen loraj vyolan e pèmanan



Enèji solèy la t'ap absòbe pa pousyè ki stasyone nan stratosfè a. Li t'ap retounen enèji sa sou fòm de reyonman enfrarouj. Mwatye ladan t'ap pèdi nan inivè a tandiske lòt mwatye a t'apral rechofe kouch atmosfè mwayen yo.

Nou t'ap debouche alò sou yon sitiyasyon atmosferik san parèy, sòl gele ak lè cho nan altitud, ki t'ap ponpe pi piti tout i midite sòl la. Atmosfè a, devni **SIPÈSTAB** pa t'ap janm fè lapli ankò.



Gaz kabonik la t'ap akimile tou prè sòl la. Lè a, ki pa t'ap sterilize ankò pa reyon iltravyolè yo lò de sejou'l nan wo altitud la, t'ap tounen yon bouyon kilti.

San konte efè retonbe
radyoaktif yo e... ...

si mwen byen konprann, "venkè"
a t'ap abime menm jan ak venki a.


Elas, mwen kwè nou pa
gen le chwa. Daprè ransèyman nou
genyen, ZUNS yo déjà sou zam
antimatyè a, e si yo mete'l
o pwen avan nou...

men, èske nou pa ta ka anvizaje
yon atak mwen fò, avèk senk
san megatòn sèlman ?

Nan kondisyon sa yo potansyèl
ripòs advèsè a t'ap konsèvè,
e atansyon ak chòk an retou !

EFÈ FRATRISID


Kèlke swa fòm atak la,
fò tout misil ki dirije sou yon
rejyon frape an menm tan,
nan milyèm segond prè



Sinon nyaj debri ak wòch ke chanpinyon atomik premye a reprezante
t'ap detwi lòt yo, ou byen li t'ap fè yo eksplode nan yon altitud ki trò elve,
lè li rann yo inefikas. Konsa pa kapab genyen yon DEZIÈM FRAP

FOLAMOU

Lagè zetwal yo reprezante yon program defons si konplèks e desizyon yo dwe pran si rapidman ke li pa késyon pou konfye travay sa ak de senp moun. Tou sa pral jere pa òdinatè, atravè yon program de di milyon enstriksyon elementè, ke nou pral fè demonstrasyon an



Pou FYABILITE a pafè program nan te enplante nan kat òdinatè jeyan. Twa premye yo idantik nan tout pwen e yo konsidere probabilitè pou yo tonbe an pan an menm tan, nil.

Katryèm nan baze
sou menm program nan.
Men li ekri nan yon LANGAJ
DIFERAN, mikroprosesè li yo,
tout konpozan li yo diferan



Konsa nou elimine
erè ki ta kapab dekoule
de jan program
nan ekri (*)

An'n entèroje sistèm nan

Mwen pa jwenn tras
gè anteryè sa nan
memwa'm yo (*)

(*) Vrè

Kèk tan pi ta...

gran dye

Sa pa anyen. Nou jwenn bòg la Katryèm òdinatè a, sa ki kontrole twa lòt yo, te gen yon tour an reta, de yon mikrosegond, nan baz tan li. Li konfonn konsa prezan avèk pase, li te gen yon **ENPRESYON DE DEJA WÈ...** (*)

Lakay...

Alò, cheri, sant kontròl stratejik enfòmatize sa, li bon ?

nou nan men Bondye

Sa mal konsa ?

gade, papa, bèl jwèt manman achte pou nou an

se yon jwèt sou lagè tèmonikleyè.


li aprann nou strateji

gen yon ti òdinatè ki kalkile otomatikman kantite mò yo

(*) Ensidan sa te paralize efektivman dekolaj yon navèt spasyal an 1985.

yon dis megatòn nan F12

manman, Bob ap anbete nou !



Èske'm ka telephone ?

Men... pa gen kadran ?



...men ki sektè ou vle ?



mwen se yon responsab sektè



Gen anpil sektè nan...
bato sa ?



Isi a nou douz mil nan kat mil senk san twa kabin. Nou relye ak chema general la. Kenbe, men yon plan sektè nou an...





Ou gen yon plan bato a ?

Ou konnen, tou sa
si konplèks e si chanjan...

E... non...

Èske ou rann ou kont kisa
sa reprezante pou jere, pou nourri,
pou distrè, douz mil moun. San konte
nesans yo. Ekipaj la ogmante
chak mwa, chak jou...

e nou dejà tèlman gen pou'n fè isi a



Sou pon siperyè a,
deja trè chaje, nou dwe konstwi
tou tan de nouvo nivo pou akeyi
moun an plis sa yo

men, kiyès k'ap
kòmande bato sa ?



Ou konnen,
lòd yo soti an wo...

ki wout n'ap swiv ?
Èske nou gen yon kat ?



Mwen panse an wo
a yo dwe gen yon.

Mwen pa menm
konprann ki kote
devan ak dèyè vye
bato sa ye.


Men yon plan sektè a.
Tann... se konsa...



... a mwens ke devan
an se bò la....

... ou alò se envès la...

Nou gen yon santral inèsi ki anrejistre
an premye chemen ki pakouri a, men...



kesyon kat,
mwen pa gen gran choz...




Anfen, ki wout w'ap
swiv ki kap ou ? Ki direksyon
VESO ISTWA A ap swiv ?

Non... sa se plan
kondisyonman lè a.

FITIROLOG nou yo te
byen eseye detèmine kap sa,
men mwen avwe sa pa't
bay gran choz.



e pi sa yo, yo mennen ki kote ?




Men pa riske'w ladan.
Se nivo yo ki trè mal
frekante, kote ki gen tan
zan tan de gwo dyèl,
de gwo batay...




Vè nivo enferyè yo, chodyè yo.
Se la nou pran enèji ki sèvi pou fè
bato a fonksyone

Mwen pa janm separe'm de li.
Mwen dòmi avè'l e lè batay la vle leve,
nou fèmen kondwi ayerasyon yo, konsa,
sa kalme yo pandan yon tan.


Gade, mwen toujou
gen fizi anti-batay
sa anba men'm



Si mwen vle wè tout bagay, pi bon an se monte sou pon siperyè a



Men pon siperyè a. Mwen pa ka monte pi wo.
Nou wè sèlman yon forè chemine ak sektè ak sipèstrikti nèt ale.



W'ap eskize'm, sèvis la...



petèt ke li pa menm
gen gouvènay



Kisa'k pase !

n'ap pran gat




nou menm sou le pwen
pou'n chavire, wi !

pa etonan, avèk tout tòn
sipèstrikti sa yo n'ap antase
depi plizyè ane !



telefòn nan, telefòn nan...
yon apèl de an wo a, anfen !

Cheri, kisa'k pase' w ? Kenbe, ou gen
yon apèl. Se prezidan ZAUTRES yo.



men wi, mwen kwè
ou gen rezon...

Alo, chèrami, ou wè, mwen reflechi.
Si nou te fè yon ti dezame ?

